

Ветеранхэм яхуозэ

2-нэ нап.



Лъэпкъым хуищIэмкIэ зызымыгъэнщI

3-нэ нап.

2021 фокIадэм и 19

Къэрал Думэм и ДЕПУТАТХЭР ХАХ

3-нэ нап.



Чемпионыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№111 (24.237) ● 2021 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru






# Чемпионыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым мы махуэхэм щагъэлъэпIэ Токио щекIуэкIа Олимп джэгухэм дыщэ медалыр къыщызыхьа, лъагэу дэлъеинымкIэ дуней псом щыцIэрыIуэ Ласицкене Мариерэ абы и тренер Габрилян Геннадийрэ.**

## Минводы и кхъухьлъатэ тIысыпIэм

Японием текIуэныгъэ ин къыщызыхьам Минеральные Воды къалэм и аэропортым КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** и унафэкIэ щыпежьащ республикэм и вице-премьер **Хъубий Марат**, спортымкIэ министр **Хьэсанэ Ислъам**, Прохладнэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Тараев Игорь** сымэ. КъищынэмыщIауэ, абы ирихьэлIащ спортсменкэм и Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, спорт зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, журналистхэр, «Кабардинка», «Терские казаки» ансамблхэм я къэфакIуэхэр.

Къезыгъэблэгъэжа журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым **Ласицкене Марие** жиIащ: «ИкъукIэ си гуапэщ унэм сыкъэкIуэжыну. Къысхуэгъэскъым си школым сыщыщIыхьэну зэманыр - абы сабий куэд щыIэнущ икIи си дежкIэ насыпышхуэщ олимп медалыр а цIыкIухэм езгъэлъагъуныр».

Олимп чемпионкэм и тренер **Габрилян Геннадий** къыхигъэщащ Марие лъагапIэшхуэхэр зэрыхуэфащэр икIи нобэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэм и деж къызэрымыувыIэнур. «АдэкIи дылэжьэн хуейщ», - къыхигъэщащ абы.

## Республикэм и дамыгъэ нэхъ лъагэ дыдэр

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэлъэпIащ Ласицкене Мариерэ абы и тренер Габрилян Геннадийрэ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек олимп чемпионкэм иритащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр. Абы и гъэсакIуэ, Урысейм щIыхь зиIэ и тренер, Къэбэрдей-Балъкъэрым физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Габрилян Геннадий республикэм и Iэтащхьэм и фIыщIэ тхьылъ хуигъэфэщащ.

НэхъапэIуэкIэ Правительствэм и унафэкIэ тренерымрэ абы и гъэсэнымрэ ахъшэ саугъэтхэр хухахащ.

«Хэти дыщыгъуазэщ олимп дыщэ медалым щыхуэкIуэм Марие къызэринэкIа гъуэгуанэм, ар икъукIуэ гугъуу щытащ. Урысейм атлетикэ псынщIэмкIэ и федерацэм къыхуагъэува санкцэхэмрэ мыгъэрей лъэхъэнэр щыщIидзэм фэбжь игъуэтамрэ олимп лъагапIэм узымыгъэкIуэн лъэпощхьэпоуэ къыпщыхъурт. ИкIи мащIэ дыдэу къыщIэкIынт, тренерхэм, и гъунэгъу дыдэхэмрэ республикэм щыщу абы къыдэщIхэмрэ къищынэмыщIа, ехъулIэныгъэр зи фIэщ хъур. Ауэ Марие, лIыгъэ нэс, и хъуэпсапIэм зэрыхуэкIуэфынур къигъэлъагъуэри, шэч къызытумыхьэн текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ. Махуэ бжыгъэ дэкIауэ аращ Швейцарием щекIуэкIа «Налкъутналмэс лигэм» и финалым Марие пашэныгъэр къызэрыщихьрэ. А псом къыдэкIуэу абы рекордыщIэ игъэуври, илъэсым дунейм щынэхъыфI лъагапIэр къызэринэкIащ. Апхуэдэу ди лъахэгъум къигъэлъэгъуащ езым хуэдэ а спорт лIэужьыгъуэм нобэкIэ зэрыщымыIэр», - щыжиIащ и къэпсэлъэныгъэм КIуэкIуэ Казбек.

Республикэм и Iэтащхьэм пщIэ лъагэ хуищIащ спортсмен цIэрыIуэм и гъэсакIуэ Габрилян Геннадий текIуэныгъэм тригъэкIуэда гугъуехьым. «Мыпхуэдэ ехъулIэныгъэхэр щыIэфынутэкъым тренер лэжьыгъэ купщIафIэр, зи лэжьыгъэм хуэIэижь командэр мыхъуатэмэ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек. Iэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къабгъэдэкIыу ехъуэхъуащ Ласицкене Мариерэ Габрилян Геннадийрэ спортым щызыIэрагъэхьа зэфIэкIхэм папщIэ. Узыншагъэ быдэрэ текIуэныгъэ дахэхэмрэ яIэну зэригуапэри жиIащ.

КъБР-м и УнафэщIым и къэпсэлъэныгъэм къыщыхэщащ ди республикэм щыщ иджыри зы спортсмен, Токио щекIуэкIа Олимп джэгухэм хэта **Акименкэ Михаил** и зэфIэкI лъагэхэри. Абы къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIыхь тхылъыр.

Ласицкене Марие фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ гулъытэ игъуэтам къыхэкIыу: «Псоми сызэрысабийрэ сыкъыволъагъу, фи нэIэ стету сыкъэхъуащ. Абы къыхэкIыу си дежкIэ пщIэшхуэщ нобэрей тыгъэр къызэрысхуагъэфэщар. СынасыпыфIэщ икIи срогушхуэ Геннадий Яковлевичрэ сэрэ къетхьэлIа лэжьыгъэм - мы медалым и процент 99-р абы и фIыщIэщ. Си гуапэщ а текIуэныгъэр вдэзгуэшыну, Тхьэм фигъэпсэу! Сыт хуэдэ къэрал дыщыIами, сытым дежи ди лъахэр ди гум илъщ, тщыгъупщэркъым хэт ди гъусэми, къыддэщIыми».

(КIэухыр 4-нэ нап.).



**Дыгъуасэ Бахъсэн къалэм щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр псоми ди зэхуэдэ унэщ» щIыналъэ форумыр. Абы кърихьэлIащ Бахъсэн къалэ, Бахъсэн, Прохладнэ, Iуащхьэмахуэ щIыналъэхэм щыщ жылагъуэ лэжьакIуэхэр, район администрацэхэм, курыт школхэм, нэгъуэщI щIыпIэ къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр.**

ФОРУМЫР зэщхьэщыхауэ утыкуиплIым щекIуэкIащ. «ЦIыхубэ дипломатие», «ЗэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ хъумэнымкIэ депутат корпусым игъэзащIэ мыхьэнэр», «Къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщIа хъунымкIэ хабзэм и щхьэхуэныгъэхэр къызэрагъэсэбэпыр», «Зэмыщхьхэм я зэкъуэтыныгъэ» зыфIаща зэхуэсхэр Бахъсэн къалэ округым и администрацэмрэ ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ щекIуэкIащ.

Зэхуэсым и утыку псоми щыIащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, КъБР-м граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **КIурашын Анзор**, Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и унафэщI **Мамхэгъ Хьэчим** сымэ, нэгъуэщIхэри.

«ЦIыхубэ дипломатие» зэхуэсыр къызэIуихащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий** икIи лъэпкъ, дин зэмылIэужьыгъуэхэм я зэкъуэтыныгъэм теухуауэ щIыналъэхэр щызэпсалъэ, а Iуэхум ехьэлIа лэжьыгъэм и пIалъэр щызэпкърах утыкухэр щыIэн зэрыхуейр жиIащ. Абы пэублэ псалъэкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзэну къэпсэлъапIэр хуит хуищIащ КIуэкIуэ Казбек.

- Мыпхуэдэ щIыналъэ зэхыхьэхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ къызэдгъэпэщу едгъэжьат, ауэ пандемиер зэран хъури зэпыдгъэужащ. Иджы щIэрыщIэу къетхьэжьэжащи, нобэ мыбдеж дызэрыщызэхуэсам форумым и мыхьэнэр щIигъэбыдэу солъытэ, - жиIащ КIуэкIуэм. - Сэ быдэу си фIэщ хъууэ къыхэзгъэщыфынущ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ хъугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэу зэрыщытыр. ИкIи, ди тхыдэм уриплъэжмэ, апхуэдэ зэпэщIэувэныгъэхэр хэбгъуэтэнукъым, ар ди республикэм и къарур зыхэлъ фIыгъуэшхуэщ. Ар си щхьэзакъуэ еплъыкIэу аракъым, атIэ тхыдэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ пэжщ. Дин зэхущытыкIэхэр къапщтэмэ, Урысей Федерацэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми я Конституцэхэм щыгъэбелджылащ цIыхум езыр зыхуей дин зэрихьэнымкIэ хуитыныгъэ зэриIэр. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, иужьрей илъэсхэм ди республикэр мыхъуу, Кавказ Ищхъэрэр нэщэнэуапIэ ящIащ, дин, лъэпкъ Iуэхур къагъэсэбэпурэ. Урысейм, Кавказ Ищхъэрэм щыщыIэ щытыкIэр зэIагъэхьэн мурадкIэ, цIыхухэм я зэхуаку зэгурымыIуэныгъэ къыдэхъуэным хущIэкъу къарухэр щыIэщи, абыхэм дазэрыпэщIэувэн акъылрэ ди мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэрытхъумэжын гуащIэрэ къызэкъуэтхын хуейщ. Аращ нобэрей зэхыхьэ инми и мурад нэхъыщхьэр.

Къалэ, щIыналъэ унафэщIхэм, еджапIэхэм щылажьэхэм емызэшу щIалэгъуалэм къыгурагъэIуэн хуейщ ди республикэм и зыужьыныгъэм и лъабжьэр, дин, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр зэрыарар, зэкъуэтыныгъэр псом япэ ирагъэщын зэрыхуейр. Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрыдмыгъэхьэми, ди адэжьхэм къытхуагъэна хабзэр дымыхъумэмэ, ди лъахэм щыпсэу лъэпкъхэр ижь-ижьыж лъандэрэ зэгурыIуэу къызэрызэдэгъуэгурыкIуэм щапхъэ тедмыхмэ, тщIэми длэжьми мыхьэнэ яIэнукъым. ХэкIыпIэ нэхъыщхьэу слъагъур сабийр курыт еджапIэм щегъэжьауэ, хуэгъэIущын хуейщ къэзыухъуреихь цIыхухэм, къызыхэкIа лъэпкъым, зэрихьэ диным емылъытауэ, къуэш хуэдэу дэтхэнэми хущытыным, зэгурыIуэныгъэ я зэкуаку дэлъыным, зыхуейр къыгурыIуэжу жылагъуэм цIыху узыншэу, зэпIэзэрыту хэувэным.

Депутатхэм я къалэнымрэ хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм республикэм дежкIэ иIэ мыхьэнэмрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэныгъэмрэ самоуправленэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**. Апхуэдэуи лъэпкъхэм ехьэлIа политикэмрэ терроризмэм пэщIэтынымкIэ ди республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ щызэпкърах утыкум къыщыпсэлъащ КъБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ япыщIа лэжьыгъэхэр щIыпIэхэм щызэгъэзэуIунымкIэ и министр **Къуэшрокъуэ Залым**, КъБР-м граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Джамбулат** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЛъэпкъкIэ, динкIэ зэмыщхь цIыхухэм я зэкъуэтыныгъэм хуэгъэпсауэ щыта утыкум щызэхуэсар щIалэгъуалэ нэхъ жыджэрхэмрэ волонтёрхэмрэт. Абыхэм купщIафIэу епсэлъащ КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Абыхэм КIуэкIуэ Казбек яхыхьа нэужь, щIалэгъуалэм я упщIэхэр Iэтащхьэм трагъэлъэлъащ. ГъащIэм и лъэныкъуэ куэдым щыгъуазэ, къуажэхэмрэ щIыналъэхэмрэ щыIэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм жыджэру хэт щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым щIэупщIащ. Абыхэм ящыщщ ди республикэм и канал спутник телевиденэм къыщызэIухыным, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ ерыскъымрэ зэрыхэхъуэм зэрыпэщIэтын Iэмалхэм, щIалэгъуалэм лэжьыгъэ IэнатIэ етыным, ныбжьыщIэхэм я зэхуэсыпIэ, зэпсэлъапIэ утыкухэр къызэIухыным, иджырей щIалэгъуалэмрэ нэхъапэм щыIахэмрэ яIэ зэщхьэщыкIыныгъэу къулыкъущIэхэм къалъытэхэм, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм я фIагъым, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр.

«Зэхуэдэхэм я зэпсэлъэныгъэ» жыпхъэм иту екIуэкI зэIущэм КIуэкIуэм къыщрата упщIэхэм жэуап убгъуахэр яритащ, щIалэгъуалэм я «бзэкIэ» щепсэлъащ. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ зэIущIэр лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэм тегъэпсыхьауэ щыт пэтми, щIалэгъуалэм абы теухуауэ упщIэ зэрамыIэм зэрыщыгуфIыкIар, а Iуэхум епха гугъуехь ди лъахэм зэрыщыщымыIэр абы къызэригъэлъагъуэр жиIащ.

- Нобэ зыужьыныгъэм и гъуэгум дытетщ. Дэтхэнэ зыми дыкъызыхэкIари, ди бзэри тщIэжу апхуэдэщ. Ауэ фэ, щIалэгъуалэм, фи дежкIэ ахэр лъэпощхьэпоуэ щытын хуейкъым. Фэ фызэкъуэту фи къэкIуэнум фыхуэпэбгъэн хуейщ. Гугъущ иджыпсту уи Iуэху еплъыкIэр зэфIэбгъэувэну. Социальнэ сетхэм щатх къомымрэ абы щызэрахьэ псалъэмакъхэмрэ зыдевмыгъэхьэх. Сэ хуабжьу сыкIэлъоплъ икIи солъагъу, мобыкIэ щIы Iыхьэ гуэрым, мыдэкIэ лъэпкъ Iуэхум теухуауэ псалъэмакъ къалъыхъуэу абы исхэм ятххэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми жэуап естыжыфынущ, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щапхъэхэр къахуэсхьурэ. Фэри Iуэхум губзыгъэу фыбгъэдыхьэну сыхуейщ. Акъылыншэхэмрэ Кавказым щыщыIэ щытыкIэр зыIызыгъэхьэну хуейхэмрэ зыдевмыгъэхьэх. Дэ ди зэкъуэтыныгъэращ зыужьыныгъэмрэ къэрал, республикэ лъэщымрэ дыхуэзышэнур. Лъэпкъ Iуэхум щхьэкIэ дызэхуэсами, сэ слъэгъуащ нобэ абы и лъэныкъуэкIэ щIалэгъуалэм зэпэщIэувэныгъэ гуэр я зэхуаку зэрыдэмылъыр. Къытхуэнэжыр щхьэж зыхуэIущыр игъэбагъуэурэ псэунырщ. Иджыри къэс пандемием димыгъэбэкъуами, дяпэкIэ щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр щыхагъэхъуэн, я щIэныгъэмкIэ щызэдэгуэшэн утыкухэр къызэдгъэпэщынущ, зэчиифIэхэм я проектхэр щыпхагъэкI зэпеуэхэмрэ абы къыщахь грантхэмрэ нэхъыбэ тщIынущ. Республикэм телъа щIыхуэхэр куэдкIэ дгъэмэщIауэ, дяпэкIэ щIэддзэу аращ ди мурадхэр гъащIэм хэпщэныр. Си гугъэщ фэри абыкIэ дэIэпыкъуэгъу фыкъытхуэхъуу, псоми ди зэхуэдэ лъахэм зедгъэужьыну, - къихигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ

**ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэхэу Къуныжь МуIэедрэ Говоров Сергейрэ, КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр Ахубеков Щамил, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Бэрбэч Алим, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэн, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн, КъБР-м щIы, мылъку IуэхухэмкIэ и министр Тохъу Аслъэн, КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев Ильяс, КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр ЩоджэнцIыкIу Мурат.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм зэIущIэм хэтахэм яхуигъэуващ 2021 гъэм республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIауэ зыхуэплъэ къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ нэхъ зэгугъун хуейхэр. ЗэкIэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлIауэ зэфIагъэкIхэм ятеухуа информацэр утыку кърахьащ Къуныжь МуIэедрэ Говоров Сергейрэ. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр щыIэщ розницэ сатум, мэкъумэш хозяйствэм, псэупIэхэр ухуэным, гъуэгу, инфраструктурэ ухуэныгъэм, хьэлъэхэр автомобиль транспорткIэ гъэIэпхъуэным я лъэныкъуэкIэ.

Мусуков Алий зэрыжиIамкIэ, промышленностым и IэнатIэ щхьэхуэхэм къыщалэжь продукцэм тIэкIу кIэрыхуами, зэрыщыту гъэзэщIа хъунущ мы гъэм зыхуэплъэ мурадхэр.

Республикэм и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм яхуигъэуващ лэжьыгъэхэм я къызэгъэпэщыкIэм нэхъ егугъуу кIэлъыплъыну, къыкъуэкI гугъуехьхэр и зэманым ягъэзэкIуэжын папщIэ зыхуэфащэ псори зэфIагъэкIыну.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



**ФокIадэм и 17-м щегъэжьауэ 19 хъуху УФ-м и Къэрал Думэм и еянэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр ди къэралым щыхахынущ. Политикэ партхэмрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ ящIэнумрэ ялэжьынумрэ мы махуэхэм цIыхубэр жыджэру щыгъуазэ ящIащ хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ. Ди республикэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа политикэ къарухэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжыр зыщ - ди цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ а Iуэхур зэтеублауэ зэрыщекIуэкIынум зыхуигъэхьэзыращ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэми. Хэхыныгъэхэр къыщызэрагъэпэщынущ участкэ хэхакIуэ комиссэу 355-мрэ щIыналъэ комиссэу 13-мрэ. Ар зэрекIуэкIым кIэлъыплъынущ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм а Iуэхум щыхуагъэса кIэлъыплъакIуэ 710-рэ. ХэхакIуэ щIыпIэу 280-м видеокIэлъыплъыныгъэ щыIэнущ, занщIэу Жылагъуэ палатэм къыщагъэлъагъуэу. Адрей 75-м видеокIэ трахынущ, иужькIэ уеплъыжыфын хуэдэу. А махуэми къыкIэлъыкIуэ

# Хэхыныгъэхэм пщэдей щIадзэ

махуэми хэхыпIэхэм щытраххэм еплъыну хуитщ политикэ парт псоми я лIыкIуэхэр, зи щхьэ закъуэу зыкъэзыгъэлъэгъуауэ хэхыныгъэхэм хэт дэтхэнэ зыри.

ФокIадэм и 19-р Хэхыныгъэхэм я махуэ хэхауэ щагъэуващ Урысей Федерацэм. А махуэм ди къэралым и субъект 39-м Закон къыдэзыгъэкI я орган нэхъыщхьэхэм я депутатхэр щыхахынущ, хэгъэгу 12-м республикэ Iэтащхьэхэр щагъэувынущ, абы щыщу 3-р парламентхэм щыхахынущ. Парламентым IэIэткIэ щыхахыну Iэтащхьэхэм ящыщщ Дагъыстэным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием яйхэр.

ЩIыналъэ псоми щекIуэкIыну Iуэхур сыт и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэщауэ щытынущ. Абы екIуалIэхэм папщIэ нэкIу Iупхъуэхэр, Iэлъэхэр, зэ фIэкIа къамыщтэ къалэмхэр щагъэхьэзыращ, щIыхьэхэм я температурэр къапщынущ.

**ШЫПШ Даянэ.**

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - жэпуэгъуэм (октябрым) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 350-рэщ.

Ди индексыр П 5894

# Дызыдэбжьыфlэ махуэ

**Мы гъэм илъэс еянэ хъуауэ ягъэлъапIэ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр. Гъэ къэси цIыху нэхъыбэ кърихьэлIэу, Iуэхугъуэ нэхъыбэ къыщаIэту, щIэщыгъуагъ халъхьэу республикэм и щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI ар. Апхуэдэ махуэшхуэм адыгэ лъэпкъым и цIэр жыжьэ зыгъэIуа, и хабзэм, щэнхабзэм, бзэм, тхыдэм, литературэм, псэукIэм зезыгъэужьа лъэпкъылI щэджащэхэр иджыри зэ ягу къагъэкIыж, музейхэм, библиотекэхэм, курыт еджапIэхэм, ЩэнхабзэмкIэ унэхэм гъэщIэгъуэн куэд щрагъэкIуэкI, псом нэхъыщхьэращи, нэхъыжьи, нэхъыщIи къызрихьэлIэ зэIущIэхэр жылэхэм щызэхашэ.**

**Адыгэхэм я махуэм лъэпкъым дежкIэ иIэ мыхьэнэмрэ абы зэрыщыгугъымрэ теухуа я гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ ди лъэпкъэгъухэр.**



**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, *Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент:* - Адыгэм махуэ хэха иIэн хуейуэ къызолъытэ ди лъэпкъыр нэхъри зэкъуэувэн, псэкупсэ къэщIэрэщIэжыныгъэм хуэкIуэн, бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэм заужьын, анэдэлъхубзэр яIэщIэмыхун, хабзэмрэ щэнхабзэмрэ яхъумэн папщIэ. Апхуэдэ щхьэусыгъуэм къыхэкIыу а Iуэхур Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зы зэхуэсым къыщыхэслъхьат икIи, абы хэтхэм къыздаIыгъри, республикэ унафэщIым и пащхьэ итхьауэ щытащ. Фэ зэрыфщIэжщи, а зэманым, 2013 гъэм, КъБР-м и Iэтащхьэу щыта КIуэкIуэ Юрэ фокIадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэу гъэлъэпIэным, ар зыгъэпсэхугъуэ махуэу гъэувыным къэрал унафэ трищIыхьри, Iэ щIидзауэ щытащ. Хуабжьу ди гуапэ хъунут, махуэшхуэм иIэ мыхьэнэри нэхъри щIигъэбыдэнут Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгэ Республикэмрэ я Iэтащхьэхэми апхуэдэ унафэ ящIарэ, Iуэхум нэхъри зиубгъуамэ.

Адыгэбзэм, Адыгэ бэракъым, Адыгэ фащэм, Адыгэшым, Къэзыгъэзэжахэм я махуэ хэхахэр диIэщ дэ. Апхуэдэу иужьрей илъэсхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхуэсхэм унафэу къыщытхьащ Нарт эпосым и махуэ гъэувыныр. Мыхэр лъэпкъым и лъэр зыгъэбыдэщ, и пщIэр зыIэтщ. А псори къызэщIикъуэжрэ ди хъугъуэфIыгъуэ псори утыку къыщитхьэу дреIэ Адыгэхэм я махуэр.

Пэжщ, фащэ щытщыгъын хуейри, бзэкIэ дыщыпсэлъэн хуейри, ныпыр щытIэтын хуейри зы махуэкъым. Дызэрыадыгэр тщIэжу, диIэ фIыгъуэм хуэфащэ пщIэр хуэтщIу дыкъэгъуэгурыкIуэн хуейщ махуэ къэси. Ауэ зы махуэ хэхам а псори къызэщIэткъуэрэ дызэдэгушхуэу дызэхэтмэ, сыт ягъэ кIын?!

А щIалэгъуалэ дыдэм яхэтщ лъэпкъ Iуэху гуэрхэр къэралым къадимыIыгъыу жаIэу тхьэусыхэхэр. Мыр унафэщIхэм къытхуагъэдахэу, къэрал унафэ щытращIыхьакIэ, псалъэмакъ къыхамыгъэкIыу ягъэлъэпIэныр нэхъ къезэгъыу къызолъытэри, абы къыхузоджэ. Къапщтэмэ, дунейм адыгэу щызэбгрыпхъам я гуапэ мэхъу мы махуэр дызэриIэр. Сэ гу лъыстащ нэгъуэщI хэгъэгухэм, къэралхэм къикIыу къэкIуэфа ди лъэпкъэгъухэм я нэм къыщIих нурымрэ къэмыкIуэфхэр къызэрыхъуапсэмрэ.

Апхуэдэу гушхуэу адыгэр зэрызэхыхьэр куэд и уасэкъэ?! Къэбгъэлъагъуэмэ, сыт хуэдэ Iуэху къепхьэжьэми занщIэу и пIэ иувэркъым. Мыр зэрыдгъэлъапIэми Iэмал гуэрхэр етхьэлIэу нэхъ щIэщыгъуэ, нэхъ ин щIын хуейщ. Зы махуэ закъуэ мыхъуу, зы тхьэмахуэкIэ фестивалхэр, концертхэр, зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр ебгъэкIуэкI хъунущ, мис абыхэм кърикIуахэр фокIадэм и 20-м къызэщIэткъуэжрэ гъэщIэгъуэну едгъэкIуэкIыу.

КIэщIу жыпIэмэ, ди махуэр махуэ щыхъунур ди щIалэгъуалэм дызэхащIыкIрэ ди нэхъыжьхэр ди жьантIэу гуфIэгъуэр зэдэтIэтмэщ.



**Аслъэн Алий**, *Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ:* - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ тхьэмадэу щыта Къалмыкъ Юрэ сытым деж жиIэу щытащ: «ЩыгъуэщIэж махуэ диIэкIэ зэфIэкIынукъым. ДызэплъэкIыж зэпыткIэ псэуа дыхъунукъым, гуфIэгъуэ махуи диIэн хуейщ». Ар зэхэзыха дэтхэнэми, акъыл балигъкIэ гъащIэм егупсыс дэтхэнэ адыгэми игу илъ зэпытт ари, ДАХ-м и зы зэхуэсыгъуэм дыщытепсэлъыхьащ абы икIи псори зэдэарэзыуэ унафэ къызэдащтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал унафэу къызэраштам хуэдэу, Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгейми щагъэувамэ, икъукIэ ди гуапэ хъунут. Дэ иджыпсту дызэлэжьхэм ящыщу япэ идгъэщ Iуэхухэм язщ ар. Тхьэм жиIэмэ, къэхъунущ апхуэдэ зэмани - псоми зэгъусэу къэрал махуэшхуэу щызэдэдгъэлъэпIэн. Мы махуэм фIыгъуэу хэлъыр дунейм адыгэу тетым зэрыадыгэр иджыри зэ ягу къагъэкIыжу, ди щэнхабзэм, ди хабзэм, ди хэкум пщIэ хуэтщIу дызэхэтыныр аращ. Ди щIэблэм бзэр ящIэнымкIэ, хэкупсэу къэгъэхъунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ мыбы. Фащэр зейр зезыхьэращ жаIэ, ди пщIэмрэ ди фащэмрэ тIыгъыжу, дигъэгушхуэу куэдрэ дгъэлъэпIэн махуэ Тхьэм ищI!



**Щоджэн Iэминат**, *Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ:* - ФокIадэм и 20-м ди щIалэгъуалэр гушхуэу, ди ехъулIэныгъэхэр утыку къитхьэу, ди цIыху нэхъыфIхэр тIэту, диIэ фIыгъуэхэр дгъэлъагъуэу дызэхэтыныр я мураду ди нэхъыжьхэмрэ унафэщIхэмрэ кърахьэжьа Iуэхущ мыр.

Ди лъэпкъым и тхыдэ къулейм хуэдэ зиIэ, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж щыIэкъым, махуэшхуэ имыIэу. Дэри ди беягъым къыхэхъуащ а махуэр. Пэжщ, щыIэщ «адыгэм махуэ къэси ди махуэщ, зы махуэкъым дыщыадыгэр» жызыIэ щIалэгъуалэ гупи. Апхуэдэхэм я Iуэху еплъыкIэр сэ ядэсIыгъыркъым.



**Шыбзыхъуэ Юрэ**, *Ставрополь Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ:* - Дэ махуэ зыбжанэ диIэщ цIыхубэм къызэдащтауэ зэдагъэлъапIэу. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, а махуэшхуэхэм къэрал мыхьэнэ яIэкъым, къэрал унафэкIэ щIэгъэбыдакъым. Абы къыхэкIыу сэбэпышхуэ хъунут, щIыналъэ псоми къэрал гуфIэгъуэу Адыгэхэм я махуэр ягъэувамэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхилъхьа Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым дахэу щагъэлъапIэ. А махуэшхуэр ныбжькIэ «щIалэми», адыгэ куэд зэрепх, дяпэкIэ нэхъыбэж зэпищIэну дыщогугъ.

Адыгэр нобэ хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм дисщ, нэгъуэщI лъэпкъхэм дыкъаухъуреихьу, абы ипкъ иткIэ ди махуэ дызэриIэжым ди зэныбжьэгъугъэр игъэбыдэну, ди зэгурыIуэныгъэр иригъэфIэкIуэну, дызэрыгушхуэу диIэ псори адрейхэм къедгъэцIыхуфыну къысщохъу. КъищынэмыщIауэ, дызэхыхьэрэ дыкъафэу, дыджэгуу дызэбгрыкIыж къудей мыхъуу, ди гугъуехьхэм, щыщIэныгъэхэм дытепсэлъыхьрэ, ахэр къызэрызэднэкIын хэкIыпIэхэр дубзыхуу къэдгъэсэбэпыфмэ, хъарзынэщ.

Адыгэр егъэлеяуэ зэбгрыдзауэ щымытамэ, мы махуэм апхуэдиз мыхьэнэ иIэну къыщIэкIынтэкъым лъэпкъым дежкIэ. Ар хуабжьу дызыщыгугъ, дызэзыпх, дызэпызыщIэ махуэ дахэ тхуэхъуащ, дяпэкIи зэрызиужьынум шэч къытесхьэркъым.



**Хьэмырзэ Ахьмэд**, *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр:* - Махуэшхуэм и мыхьэнэм и гугъу пщIымэ, лъэпкъ псом къыбгъэдэкIыу мыхъуу, си щхьэ къыбгъэдэкI си еплъыкIэр къэсIуэтэнщ. ЩыIэщ «Мы махуэр щхьэ къыхаха? ЗэрытщIынур сыт? Ар фокIадэм и 20-м щхьэ трагъэхуа?» - жызыIэхэр. Дыгъэпсыр зэзэгъ къэкIыгъи, ар зытепсэ мыхъу удзи зэрыщыIэм ещхьу, цIыхухэм я еплъыкIэхэр зэщхьэщокI. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, дыгъэр зыфIэфI удз гъэгъам зэрызиужьым, нэхугъэм зэрызыхуиший ещхьу, си псэкIэ, си IэпкълъэпкъкIэ, си гупсысэкIэ мы махуэм сигъэушэу, фIым, дахэм сыхуигъэпабгъэу щытщ.

ЦIыхур къалъхури, дунейм тетыху и махуэщ, ауэ зы хэха иIэщ, къехъулIахэм щыхэплъэжрэ и мурадхэр щиубзыхуу. Дауи, а зы махуэ хэхам узэрыщымыт уищIынукъым, ауэ ар къэдгъэсэбэпу къыкIэлъыкIуэ зэхыхьэгъуэр къэсыху дифI, ди фейдэ зыхэлъ Iуэхугъуэхэр длэжьын, ди щыщIэныгъэхэр дгъэзэкIуэжын хуейуэ аращ.

Ди фащэр, ди хабзэр, ди бзэр, ди къафэр махуэ къэс дгъэлъэгъуэну зыри зэран къытхуэхъуркъым, ауэ абы фIэкIа димыкъалэну, ди нэгу зедгъэужь къудейкIэ псэуа дыхъунукъыми, зыщыдгъэпсэхун, дыщыгушхуэн, дыщызэрылъагъун зы махуэ хэгъэунэхукIа дызэриIэр сэ сфIэфIщ.

ЦIыху къэс езым и дуней иIэжщ. Къыщыхъуа унагъуэм, жылэм, къэралым - цIыхум и гъащIэ Iыхьэр щекIуэкI щIыпIэм - къигъэщIауэ. Апхуэдэу сэри сиIэщ адыгэ дунейкIэ сызэджэ, си адыгэ гупсысэр щыпсэу щIыпIэ. Мис абы къыщыхъу-къыщыщIэ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми, адыгэ лъэпкъыр ипэкIэ игъэкIуэтэну, зригъэужьыну кърахьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхуми и пэ симыувэмэ, иужь зыкъизгъэнэнукъым. Ар къызыхэкIыр сызыщыщ лъэпкъым хузиIэ лъагъуныгъэрщ, сэ зыщысщIыжа къалэнырщ.

Iуэху дахэ нэхъыбэ кърахьэжьэху, нэхъыбэрэ дызэхыхьэху, ди мурадхэр нэхъ зэдгъэхъулIэфынущ. IитIыр зэрытхьэщIмэщ щызэрыщIэр, абы ипкъ иткIэ, цIыхубэр зэхыхьэн, я гупсысэхэмкIэ зэдэгуэшэн, я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэхъуэжэн хуейщ. Мис абы и лъэныкъуэкIи сэбэпынагъ куэд пылъщ Адыгэхэм я махуэшхуэм. Нобэ зэманым зэрызиужьым, зэрызихъуэжым - уи щхьэ закъуэ ирехъу, лъэпкъ псо ирехъу - ухуэхьэзыру, зыдебгъэкIуфу щытыпхъэщ. «Зэманым декIур лIыфIщ», - жиIакъэ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Иджырей зэманым къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэм фIыгъуэ къызыпэкIуэну гуэр хэтлъагъуэмэ, ар къэтщтэн хуейщ.

Си гугъэщ мы махуэшхуэр тхуэфIын хъуну, лъэпкъ псор дыщыгушхуэ махуэ угъурлы тхуэхъуну!



**Хьэкъул Оксанэ**, *уэрэджыIакIуэ:* - Адыгэхэм я махуэм и дахагъри, абы цIыхубэр зэрыригушхуэри зыхызегъащIэ лъэпкъ махуэшхуэм. Си дежкIи, адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэм дежкIи гурыфIыгъуэщ укъызыхэкIам хуэпщI пщIэр нэхъри пIэту, уи блэкIам уригушхуэу, уи къэкIуэнум фIыкIэ ухуэхъуахъуэу а махуэр ебгъэкIуэкIыныр. Ар къэзыгупсысахэми, а гупсысэр ядэзыIыгъа унафэщIхэми фIыщIэ ин яхуэфащэщ адыгэр зэрыпагэ хъугъуэфIыгъуэхэр иджыри зы IуэхукIэ нэхъ бей зэрытхуащIам - лъэпкъ махуэшхуэ зэрытхуагъэувам - папщIэ.

Мыр зы махуэ гуфIэгъуэкъым. АтIэ махуэ бжыгъэкIэ республикэм и щIыналъэ, къуажэ зэмылIэужьыгъуэхэм щокIуэкI дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIа зэхыхьэхэр, дэри, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, ди гуапэу дыхэтщ абыхэм. ФокIадэм и 19-м ирагъажьэри, шыгъажи, зэпеуи, зэхыхьи къызэрагъэпэщ, цIыхубэм я нэгу зрагъэужьын, дифI ягъэлъэпIэн папщIэ.

Гуапэ сщохъу ди къуэшу къэтлъытэу къыдбгъэдэс нэгъуэщI лъэпкъхэми ди гуфIэгъуэр къызэрыддаIыгъыр, дэнэ жыли дэс балъкъэрхэр, урысхэр къэрал махуэшхуэм жыджэру зэрыхэтыр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



**Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор Павлов Василий яхуэзащ республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я ветеранхэм.**

# Ветеранхэм яхуозэ

МИНИСТРЫР тепсэлъыхьащ полицэм и лэжьакIуэхэм я пщэрылъхэр ягъэзэщIэнымкIэ къызэрызэгъэпэщар егъэфIэкIуэнымкIэ, зэрыщыту къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм я щIыхьымрэ пщIэмрэ къэIэтынымкIэ зэфIагъэкIхэм. Къапщтэмэ, ведомствэм и объект зыбжанэ ягъэува пIалъэм къриубыдэу мы гъэм яутIыпщынущи, лэжьакIуэхэм Iэмал ягъуэтынущ къызыхуэтыншэу я къалэнхэр ягъэзэщIэну.

Павлов Василий ветеранхэм гу лъаригъэтащ 2020 гъэм полицэм и япэ кадет класс Налшык къалэ и курыт школ №7-м къызэрыщызэрагъэпэщам сэбэпышхуэ зэрыпылъым, абы ипкъ иткIи мы гъэ еджэгъуэщIэм иджыри зы класс къызэрыщызэIуахам.

- АдэкIи ди мурадщ кадет зэщIэхъееныгъэм республикэм зыщедгъэужьыну. ГъащIэм, IэщIагъэм и пIалъэ фIыуэ зэрыфщIэр икъукIэ щхьэпэщ хабзэм и хъумакIуэ щIэблэщIэр гъэсэнымкIэ, абыхэм Хэкум и деж щаIэ жэуаплыныгъэмрэ къалэнымрэ нэсу зыхащIэу къэгъэхъунымкIэ, - къыхигъэщащ министрым.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ къытщIэхъуэ щIэблэр псэкупсэу гъэсэным ехьэлIа Iуэхухэми. Павлов Василий къызэрилъытэмкIэ, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэщIэхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ядегъэкIуэкIыным зэман нэхъыбэ хухэхыпхъэщ.

- Ди фIэщ мэхъу зэгъусэу полицэм и къулыкъум хуэфащэ икIи хуэпэж, къэрал хабзэхэр нэсу зыгъэзащIэ цIыхухэр зэрыдгъэсэфынур. ДызэщIыгъуу адэкIи ди республикэм хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэнымкIэ лэжьыпхъэ псори дгъэзэщIэнщ, - къыхигъэщащ ведомствэм и Iэтащхьэм.

Апхуэдэуи министрыр зэпкърыхауэ къытеувыIащ ведомствэм и медико-санитар частым зегъэужьыным, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ хуащIэ медицинэ IуэхутхьэбзэхэрегъэфIэкIуэным теухуауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.

КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэлъащ ветеран зэгухьэныгъэм и унафэщI Думай Борис. Абы республикэ МВД-м и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ сыт щыгъуи зэрызыкъыщIагъакъуэм папщIэ.

Зытепсэлъыхьым ехьэлIа я Iуэху еплъыкIэхэр жаIащ ветеранхэу Шорэ Алик, Жабо ДжэбрэIил, Савинов Александр сымэ.

Районым и ветеран зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Хьэтщыкъуэ Музарин Урысейм и МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и унафэщI, полицэм и полковник Хэжь Аслъэнбий фIыщIэ хуищIащ Iуэхур тэмэму зэтеублауэ, зэгурыIуэныгъэ яку дэлъу зэрызэдэлажьэм папщIэ.

Ветеран зэщIэхъееныгъэм жыджэру зэрыхэтым, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм къахыхьэ зи щIалэгъуэ лэжьакIуэхэр хэкупсэу, хабзэ яхэлъу гъэсэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам папщIэ министрым Урысейм и МВД-м и ЩIыхь тхылъыр иритащ Думай Борис.

ЗэIущIэм и кIэухыу ведомствэм и Iэтащхьэм жиIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэр сыт щыгъуи хуэдэу гъэсэныгъэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтынур и фIэщ зэрыхъур, узыншагъэ быдэ, мамырыгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ яIэну зэригуапэр.

**УАРДЭ Жантинэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### Щыблэм иукIащ

**Щыблэм и зэранкIэ Пакистаным цIыху зыбжанэ щыхэкIуэдащ. Насыпыншагъэр къыщыхъуа Хайбер-Пахтунхва щIыналъэм хиубыдэ Торгар жылагъуэм фокIадэм и 8-м щегъэжьауэ уэшхышхуэ къыщошх, бгыхэм ятIэпс шынагъуэхэр къыщрехьэх.**

ГЪУНЭГЪУУ зэбгъэдэт унищым щыблэр къеуэри, я унащхьэр трихащ. Унэ къутахуэхэм я лъабжьэм цIыху 13 щIиубыдащ. КъегъэлакIуэхэм абы къыщIахыжащ хьэдэ 11, къэлъыхъуэныгъэхэр иджыри йокIуэкI. ХэкIуэдахэм сабиитхурэ цIыхубзиплIрэ яхэтщ.

«Iуэхур зэрекIуэкIыр си нэIэм щIэтщ: транспортыр зекIуэфын хуэдэу гъуэгур ягъэкъэбзащ, фэбжь зыгъуэтахэр сымаджэщым яшащ. Лей къызытехьа унагъуэхэм защIэдгъэкъуэнущ - пIалъэкIэ щыпсэунрэ шхынкIэ къызэдгъэпэщынущ», - жиIащ щIыналъэм и комиссарым и дэIэпыкъуэгъу Зухур Азхар.

Апхуэдэу Абботтабад къалэм дэт унэхэм ящыщ зым техуа щыблэм абы щIэса цIыхуиблым ящыщу щыр иукIащ. Бгыхэм къех ятIэпс шынагъуэхэми цIыхуищ хэкIуэдащ.

### Президентым узыфэм зыщехъумэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир коронавирусым зыщихъумэу, самоизоляцэ кIуэн хуей хъуащ. Къэралым и УнафэщIым узыфэр пкърыткъым, ауэ нэхъ гъунэгъуу зыдэлажьэхэм COVID-19-м игъэсымаджэхэр зэрахэтым къыхэкIыу, зэман гуэркIэ ягъэува санитар хабзэр игъэзэщIэнущ.**

АПХУЭДЭ щытыкIэм къихутами, Путин Владимир и лэжьыгъэр зэпигъэуакъым. Къыпэщылъ къалэнхэр IэнатIэм упэIэщIэу бгъэзащIэ зэрыхъуным тету зэфIегъэкI. Апхуэдэу фокIадэм и 16 - 17 махуэхэм Душанбе къалэм ОДКБ-мрэ ШОС-мрэ я саммитхэр щекIуэкIынущи, видеоконференц Iэмалыр къигъэсэбэпу, а зэIущIэм хэтынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и Президентым коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зэрыпэщIэт «Спутник V» вакцинэр мы гъэм и гъатхэпэ мазэм зыхригъэлъхьауэ щытащ.

### Жыг хадэхэр нэхъыбэ мэхъу

**Ставрополь крайм щыхаса пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм гектар мин 11 яубыд. 2020 гъэм абыхэм къата продукцэр тонн мин 60 мэхъу.**

ЩIЫНАЛЪЭМ илъэс къэс апхуэдэ жыгхэу гектар 600-м щIигъу щыхасэ. Крайм и унафэщIым и пресс-IуэхущIапIэм къызэритымкIэ, мы гъэм ар гектар 800-м нагъэсынущ, абы и нэхъыбэм щагъэтIысынур етIуанэ илъэсым пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгхэрщ. 2021 гъэм жыг гъэкIыным хухах къэрал дэIэпыкъуныгъэр сом мелуан 575-рэ хъуащ.

Жызум гъэкIынми жыджэру щолэжь Ставрополь крайм. Абы хухахащ гектар мини 5,9-рэ, илъэс къэс къыхагъахъуэурэ йокIуэкI.

Iуэхум адэкIи зэрызрагъэужьыным тещIыхьауэ пхъэщхьэмыщхьэ къэрахьэлIэжахэр щагъэтIылъыну хъумапIэ инхэр зэраухуэным иужь итщ. Иджыпсту яIэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэм тонн мин 36-рэ щIохуэ.

## Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 16**, *махуэку*

♦**ЩIым и озон къатыр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1918 гъэм** Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Новороссийск къалэр фашистхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1944 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ республикэм и дохутырхэм я съезд.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, адыгэхэм я къекIуэкIыкIар зыджа, ЩIДАА-м и академик **Куценкэ Игорь**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ абазэ щIэныгъэлI, политик, КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутату щыта **Шенкао Мухьэдин**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ащхъуэт Олег**.

**Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 45-м, къухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 15-м.*

**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 30-рэ.*

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 17**, *мэрем*

♦**Сымаджэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и дунейпсо махуэщ**

♦Брянск областыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжа махуэщ.

♦**1932 гъэм** СССР-м и ЦИК-м и Президиумым, Горький Максим къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ, унафэ къищтащ Литературэ институт къэзэгъэпэщыным теухуауэ.

♦**1941 гъэм** СССР-м унафэ къыщащтащ къэралым щыпсэу псори дзэ Iуэхухэм Iэмал имыIэу хуегъэджэным теухуауэ.

♦**1941 гъэм** ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ къищтащ республикэм щыщу цIыху 450-рэ Дзэ Плъыжьым и десантыдзэм игъэкIуэну.

♦**1877 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, КIыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ я адэ **КIыщокъуэ Пщымахуэ**.

♦**1888 гъэм** къалъхуащ адыгэ узэщIакIуэу, жылагъуэ лэжьакIуэу щыта, «Гъуазэ» япэ адыгэ газетыр къызэзыгъэпэща **Цагъуэ Нурий**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м, КъШР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **БакIуу Хъанджэрий**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Ачмыжь Мариет** (АР).

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и редактор, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **ЩхьэщэмыщI Изэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 47-м, къухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 13-м.*

**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 26-рэ.*

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм махуэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зылъэгъуа щыIэмэ, зэхэзыха умылъыхъуэ.**

## СЭВКIУИЙ Iэсият Владимир и пхъур



Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и IэнатIэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 56-нэм иту дунейм ехыжащ КъБР-м и художник цIэрыIуэ СэвкIуий Iэсият Владимир и пхъур.

СэвкIуий Iэсият Къэзахъстаным къыщалъхуащ, абы къыщыхъуащ, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэIэпхъуэжащ. И IэщIагъэкIэ ар экономистт, ауэ зэрысабий лъандэрэ сурэт щIыным дихьэхырт. СэвкIуий Iэсият щэкI зэмылIэужьыгъуэхэм лэжьыгъэ гъуэзэджэ куэд къыхищIыкIащ. Абы и творчествэр щIагъыбзэ куухэмкIэ гъэнщIащ, укъэзыгъэуIэбжь метафорэхэр хэтщ.

ЗэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ художникым и IэдакъэщIэкIхэр а IэщIагъэм ирилажьэхэми къызэрыгуэкI цIыхухэми яфIэхьэлэмэту зэуэ къызэдащтащ икIи художникым хэлъ егугъуныгъэ инымрэ абы и зэфIэкIымрэ яхуэфэщэн пщIэ ягъуэтащ. СэвкIуий Iэсият и лэжьыгъэхэр утыку къыщрахьа гъэлъэгъуэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм, КъуэкIыпIэ лъэпкъхэм я гъуазджэмкIэ музейм и Кавказ Ищхъэрэ къудамэу Мейкъуапэ дэтым щрагъэкIуэкIащ. Апхуэдэу а лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуащ Художественнэ щэкI зэIущахэм я дунейпсо фестивалу Санкт-Петербург къалэм къыщызэрагъэпэщам.

Дунейм ехыжа цIыху хьэлэмэтыр, гуапагъэрэ зэфIэкIышхуэрэ зыхэлъу щытар Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм зэи ящыгъупщэнкъым. ЛIам и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ дахуогузавэ.

***КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ,***

***КъБР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэ,***

***КъБР-м и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэ.***

